


Disability Rights Florida te tabli nan lane 1977 kòm sistèm pwoteksyon epi defans (Protection and Advocacy, P&A) pou moun Florida ki gen andikap. Sistèm P&A a egziste pou asire sekirite, byennèt, epi siskè moun ki gen andikap.



Disability Rights Florida se yon sosyete san bi likratif ki finanse pa yon varyete sous. Pou yon lis konplè founisè fon, gade nan www.DisabilityRightsFlorida.org/funders. Enfòmasyon ki la pa yon reprezantasyon jidisyè e se pa konsèy nonplis.

Disability Rights Florida
2473 Care Drive, Suite 200
Tallahassee, Florida 32308
800-342-0823
Nimewo admisyon ospitalye: 833-500-1099
www.DisabilityRightsFlorida.org



Pwoteksyon e defans pou moun ki gen maladi mantal (PAIMI) se yon pwogram ki finanse pa gouvènman federal otorize pou pwoteje epi defann dwa moun majè ki gen gwo maladi mantal oubyen timoun epi adolesan ki gen gwo pwoblèm emosyonèl. Disability Rights Florida sèvi ak finansman sibvansyon PAIMI pou fè ankèt, siveye, defann, plede, epi edike pou pwoteje moun ki soufri gwo pwoblèm mantal kont abi, neglijan, oubyen vyolasyon dwa, e asire aplikasyon konstitisyon e lwa federal e sa leta yo.

Apwopo konsèy konsiltatif PAIMI
Manm konsèy konsiltatif PAIMI (PAIMI Advisory Council, PAC) gen eksperyans, ekspètiz, e yon enterè nan pwoblèm sante mantal. Yo konseye pèsonèl e konsèy administrasyon Disability Rights Florida sou pi bon mwayen pou pwoteje epi defann dwa moun ki soufri gwo pwoblèm sante mantal. PAC ede detèmine priyorite anyèl nou yo pou sèvis ki finanse pa PAIMI e li founi regilyèman kòmantè e opinyon sou sèvis sa yo. Manm PAC yo edike tou moun ki gen gwo pwoblèm mantal ansanm ak moun ki ankadre yo sou PAIMI. Tanpri, gade nan sit entènèt nou a oubyen rele nan nimewo 800-342-0823 si w enterese fè benevola pou w yon manm PAC.

Kominike avèk Disability Rights Florida
Lè w rele n premye fwa, yon espesyalis nan admisyon pral mande w kèk enfòmasyon jeneral sou oumenm epi yon rezime sou pwoblèm ou an. Enfòmasyon ou yo ap soumèt pou revizyon apre.

Sèvis nou yo gratis epi konfidansyèl.
LIY ADMISYON PASYAN KI ENTÈNE: 833-500-1099
KOUTFIL GRATIS: 800-342-0823
ANLIY: DisabilityRightsFlorida.org

Ankadre moun ki gen gwo pwoblèm mantal

Enfòmasyon sou sibvansyon Pwoteksyon e defans moun ki gen maladi mantal (Protection & Advocacy for Individuals with Mental Illness, PAIMI)



Kilè w sipoze kominike avèk Disability Rights Florida?

Si oumenm oubyen fanmi w te viktim abi, neglijans, oubyen si gen kesyon ou ta renmen poze sou dwa ou yo.



Abi:

- Abi fizik
- Abi seksyèl
- Abi oral
- Menas
- Tretman san konsantman
- Tretman fòse (menas oubyen palafòs kwochi)
- Medikaman inapwopriye oubyen egzajere
- Restriksyon oubyen izolman inapwopriye oubyen egzajere
- Eksplwatasyon finansye
- Lanmò sispèk

Neglijans:

- Manke founi yon evalyasyon oubyen yon tretman medikal.
- Manke founi yon evalyasyon oubyen yon tretman pou sante mantal.
- Manke founi swen pèsònèl e sekirite nesesè oubyen apwopriye.
- Manke founi yon plan egzeyat apwopriye.

Dwa pandan tretman ospitalye:

- Plan pou tretman oubyen sèvis alekri endividyalize.
- Plan egzeyat alekri.
- Patisipe nan plan pou tretman.
- Kominikasyon efikas, gen ladan aksè nan entèprèt oubyen tradiksyon.
- Reprezantasyon nan pwosedi jidisyèl.
- Patisipe nan pwosedi jidisyèl.
- Konfidansyalite.
- Aksè nan dosye.
- Konsantman eklere.
- Habeas Corpus (demann an jistis si w kwè yo kenbe w ilegalman).
- Byen pèsònèl (envantè e byen).
- Aksè nan pwosesis griyèf pou rezoud plent.
- Vizit avèk fanmi epi zanmi.
- Kominikasyon prive avèk fanmi epi zanmi epi siyale move tretman oubyen neglijans.

Lòt domèn kote vyolasyon dwa posib:

- Pwoblèm nan sa ki konsène titè / defansè titè a.
- Direktiv alavans (plan e egzekisyon).
- Diskriminasyon nan zafè lojman.
- Aksè nan avantaj finansye, tèlke SSI, SSDI, oubyen asirans.
- Aksè nan edikasyon nan anviwònman ki gen mwens restriksyon.
- Aksè nan sèvis kominotè oubyen nan tretman.
- Aksè nan sèvis transpò.
- Diskriminasyon sou kesyon anplwa.
- Vote.

